Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 8 (9803) /4 март 2019 с. / итни 27 Джумадуль-ахир 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Поздравления

### Уважаемые женщины!

**Поздравляем вас с днем 8 Марта!**

В этот замечательный и радостный день поздравляем всех женщин района с праздником весны, грации и красоты. Желаем навсегда сохранить юность души, мудрость и доброту сердца и вечную любовь. Пусть все тревоги уйдут в небытие и только лишь радость и аромат первых весенних цветов наполняют собою ваши дома.

С праздником вас!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев.***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов.***

---

Поздравляю вас с праздником! Желаю, чтобы каждый день и час вы ощущали любовь и заботу, преданность и верность, помощь и поддержку. Любите сами и будьте всегда любимы, оставайтесь такими же прекрасными и неповторимыми, надежными и трудолюбивыми, нежными и теплыми.

Счастья вам, радости, удачи всегда и во всем!

***Депутат Н.С.РД.М.-п.(К.-п.)Д. Умаханов.***

---

Прекрасный наш пол, сегодня ваш праздник. Желаю всегда оставаться женственными, неотразимыми, обворожительными, нежными и ласковыми. Пусть ваша жизнь будет чудом и волшебством, пусть исполнятся все ваши мечты. Желаю вам неожиданных сюрпризов, счастья, любви, больших удач и исполнения желаний.

***Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г.Махачев***

---

**Х1урматиял районалъул руччаби!**

Рак1-рак1алъ баркула нужеда 8 Март-руччабазул Къо!

Рук1аги нуж кидаго г1олохъаналлъун, рокьулеллъун ва нужее рокьулеллъун.

Бук1аги нужер рак1азулъ ва гъанситабахъ даимаб ц1а, кьеги нужее щулияб сахлъи, талих1, рохел ва бук1аги нужеда т1ад даимго роц1араб зоб.

***Ригь аразул Советалъул председатель М.Г1.Чупалаев.***
***Рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1.Мух1амадх1абибов.***
***Жамг1ияб палаталъул председатель Х1.А.Адимирзаев***

## Г1умру лъик1лъизаби мурадалда…



20 февралалда Россиялъул Президент В.В.Путиница Хит1аб гьабиялъул данделъиялда г1ахьаллъана – Федерациялъул Советалъул членал, Пачалихъияб Думаялъул депутатал, х1укуматалъул чиновникал, Конституционниябгун Верховнияб судазе нухмалъулел ва губернаторал.

Жиндирго к1алъаялда В.В.Путиница абуна: «**Жакъасеб Хит1аб буго пачалихъалда бугеб социалиябгун экономикияб рахъал церет1езариялда хурхараб. Бокьун буго хасаб к1вар буссинабизе маялъул указазда ва миллиял проектазда рехсарал масъалаби т1уразариялде. Миллиял проектал г1уц1ун руго инсанасда сверухъ, гьесул г1умру лъик1лъизаби мурадалда. Гьел масъалабициндаго т1уралеллъун кколаро ва гьел бет1ералде рахъинаризе к1ола Россиялъул цебет1ей бугони. Нилъер г1адамазе х1ажаталлъун кколаро «гьениб бегьуларо», «гьеб ц1акъго зах1матаблъун кола», «гьеб лъугьунаро» ва гь.ц. раг1аби. Г1адамазе к1вар бугеллъун кола жидер г1умру лъик1лъизабиялъе гьарулел ишал. Нилъеца такрар гьаризе бегьуларо цере рук1арал гъалат1ал ва нилъ балагьун ч1езе кколаро коммунизм бач1иналъухъ. Х1ажат буго гьабсаг1ат бугеб ах1вал-х1ал хисизабизе. Цоги нухалъ т1адч1ей ва такрар гьабулеб буго, нилъер проектал я федералияллъун, я ведомственнияллъун кколаро, гьел кола миллияллъун.**

**Г1емерсоназулаб ва цадахъаб зах1маталдалъун, нилъеда бажарана, нилъер пачалихъалъул роцадаг1аги, улка цебет1езабиялъе х1ажатаб г1арац ч1езабизе ва гьеб х1алт1изабизе кола Россиялъул бечелъи ц1ик1к1инабиялъе ва хъизабазул рук1а-рахъин лъик1 лъизабиялъе»**, - ян.

В.Путиница т1адч1ей гьабуна – лъимал г1емерал хъизабазул г1умру лъик1лъизабиялда, ипотекаялда, гьелда хурхун, пачалихъияб бюджеталда хиса-баси гьабизе ккеялда, рукъзал росизе яги разе г1адамазе кумек гьабиялда, г1ураб къадаралда лъималазул ахал, школал рук1инариялда, мискинлъиялда ругезул къадар дагьлъизабиялда ва г1емерал цогидалги, т1урач1ого бегьуларел, масъалабазда. Къокъгьабун абуни, Хит1абалде жанире рачун рук1ана пачалихъ цебет1езабиялда хурхарал киналниги суалал.

Хасгьабун, Президентас гьенир рехсана, г1иллаби гьеч1ого, Россиялде данде гьарулел санкцияби, нилъер пачалихъ цебе т1езе Бакът1ерхьул пачалихъазе, Америкаялъул бет1ерлъиялда, бокьун гьеч1еблъи ва нилъго ц1униялъе яргъилал къуватал церет1езариялъе шарт1ал ч1езарулел рук1ин.

Гьединго, В.Путиница х1укуматалъул бут1рузда лъазабуна г1адамазе зарал гьеч1ел, **«г1урччинал»** кванил ниг1матазда ва гьел х1адуриялъул къаг1идаби ц1униялда т1адч1ей гьабеян.

**«Дица рехсарал шарт1ал к1оларо руссинаризе цифрабазде ва рихьизариязде, амма гьел руго пачалихъалъул г1адамал цолъизарулеллъун, улка цебет1езабиялде гьел ц1алеллъун.**

**Нилъ т1олалго гьарулел ишазда рак1ч1араллъун руго, нилъ церехун ина ва бергьенлъи босараллъун рук1ина»,** - ян абуна В.Путиница Хит1абалъул ахиралда.

***М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ.***

## Районалъул администрациялда

Ват1ан ц1унулесул къоялде хурхун, 22 февралалда райадминистрациялда тIобитIана, ВатIан цIунулесул къоялъул хIурматалда, рохалилаб данделъи.

Гьенир, баркиялъул раг1абигун кIалъазе рахъана- райадминистрациялъул бетIерасул заместитель И.Б. Салимханов, Казбек ва Гумбет районазул рагъулав комиссар А.Б. МухIамадов,жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъан М.Х.Темирбулатова, МФЦялъе нухмалъулей Р.ХI. ХIайбулаева ва лицеялъул муг1алим Зугьра Мутуева.




Гьеб данделъиялда концерталъулаб программагун цере рахъана- культураялъул хIалтIухъаби: Лейла ва Руслан Имамирзаевал, Бесират Г1адуева ва Гуни росдал гимназиялъул муг1алим Умисат Султанбекова.

Тадбир махщалида бачана ЦТКНРалъул хIалтIухъан Рисалат Сурхаевалъ.

26 февралалда райадминистрациялда тIобитIана аппаратальул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана-районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал: И.И.Шабазов,З.Н.Эмеев, аппаратальул хIалтIухъаби,росабазул администрациябазул бутIрул, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел.



Данделъиялъул халгьабиялде босун букIана муниципалияб буголъиялъул отделалъ 2018 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьей. Гьеб суалалда тIасан доклад гьабуна тIадехун рехсараб отделалъул начальник М.Б.Эмеевас. Докладалда хурхарал кIалъаял гьаруна- Р.ХI. Х1айбулаевалъ (МФЦялъул директор),К.И. Салимхановас(ГУП «Дагтехинвентаризациялъул филиалалъул директор).

ХIасил гьабиялъул кIалъаялда ХI.ХI. Мусаевас абуна: **«Районалда бугеб кинабниги буголъи хIалтIизабизе ккола хIасил кьолеб къагIидаялда.ЦIакъго дагь руго ракь мекъса хIалтIизабиялда сверухъ гьарурал хIукмаби. Гьеб рахъалъ,араб соналъ 3 хIукму гурони гьабун гьечIо.**

**Дир пикруялда, киналго рахъал хIисабалдеги росун, буголъиялъе инвентаризация гьабизе ккола. Районалъул бюджеталде бачIунеб гIарцул хIисабги гьабун, юристалгун дандги бан, хал гьабизе ккола къотIи-къаял тIураялъулъ бугел ахIвал-хIалалъул.**

**Гьединго,газ,ток хIалтIизариялда сверухъ ругел гIунгутIаби тIагIинариялъул суалаздеги кIвар буссинабе»**,-ян.

***И.ИДРИСОВ.***

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

# АТКялъул данделъи



22 февралалда райадминистрациялда т1обит1ана терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялъул комиссиялъул данделъи. 2018 соналъ комиссиялъ гьабураб ва 2019 соналъ гьабизе бугеб х1алт1ул бицун к1алъазе вахъана районалъул бет1ерасул заместитель И.Б. Салимханов.

Законалде данде кколареб къаг1идаялда ярагъ ва яргъил сурсаратал ц1униялда сверухъ гьабураб х1алт1ул гьениб бицана районалъул жанисел ишазул отделалъул начальник Г1 .Х1. Халидовас.

Гьеб данделъиялда г1ахьаллъарал - районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаевас, прокурор М.М. Халиловас, УФСБялъул Хасавюрт шагьаралда бугеб отделениялъул начальникасул заместитель А. А.Кабардиевас, «Чапар» газеталъул редактор М. Чупалаевас, АТКялъул аппаратальул х1алт1ухъан Ш.В. Расуловас жидерго к1алъаязда хасаб к1вар буссинабуна такъсириял ишал гьариялде г1адамал риччангут1иялде, гьезде ц1алел заманалда т1атинариялде ва пачалихъалъул законазул т1алабал хвезарулезе кьварараб тамих1 гьабизе кколеб бук1иналде.

Т1адехун рехсараб комиссиялъул 2018 соналъ гьабураб х1алт1уе гьоркьохъеб къимат кьуна, тасдикъ гьабуна 2019 соналъе план ва гьаруна рекъон кколел х1укмаби.

# КъватІазе цІарал кьуна




Нилъер районалда гІадатлъун лъугьун буго гьелъул тарихалъулъ лъалк1 таразул цІарал къватІазе, школазе ва цогидал идарабазе кьей.

Гьелъул хІакъалъулъ цо чанго нухалда хъван букІана «**Чапар**» газеталдаги. Гьединазул цояблъун кколеб тадбир тІобитІана Гуни росулъги. Гьеб росдал цо къватІалъе кьуна, теракталъул хІасилалда, гІумруялдаса ватІаларав милициялъул прапорщик Джаватханов Юсуп Ниязбеговичасул цІар.

Гьенире гІахьаллъана - районалъул бетІерасул заместитель И.Б. Салимханов, Гуни росдал бетІер И.З.Ильясов, ОМВДялъул начальникасул заместитель Р.А. ГІисаев, Гуни росдал гимназиялъул педагог-организатор ХІ.А. Зубайриев, рагъул ва захІматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГІ.МухІамадхІабибов, харабазул Советалъул председатель Х.ГІ.Булачов, росдал имам Ш.К.Садыкъов, Ленинаул росдал имам ГІамиргІали Абубакаров, Юсупил гІага-божарал ва гьудул-гьалмагъзаби.

Данделъи бачарав ХІ.А. Зубайриевас гьениб, къокъгьабун,бицана Юсупил гІумрудул нухалъул. КІалъазе рахъарал- И.Б. Салимхановас, И.З. Ильясовас,Х.ГІ.Булачовас,Х.ГІ. МухІамадхІабибовас, Ш.К.Садыкъовас бицана гІолеб гІелалъе патриотикияб тарбия кьеялъе гьединал тадбиразул бугеб кІваралъул, бахІарзал кІочон тезе бегьунгутІиялъул.

Юсуп Джаватхановасде бахъараб кечІ гьениб рикІкІана росдал гимназиялъул цІалдохъан ПатІибика Дарбищевалъ.

Данделъиялъул ахиралда Юсупил цІар хъвараб мармаралъул хъарщи щула гьабуна гьеб къватІалъул цо рукъалда. Гьебго къоялъ тІобитІана, Юсуп Джаватханов ракІалде щвезавиялъул хІурматалда, районалъул гугарухъабазул турнирги.




Гуниялдаго г1адин, къват1алъе ц1ар кьеялъул тадбир т1обит1ана Хасавюрт шагьаралдаги. Шагьаралъул «**Садовый**» микрорайоналъул цо къват1алъе кьуна Россиялъул Бах1арчи Юрий Салимхановасул ц1ар.

Гьеб тадбиралда г1ахьаллъана-нилъер районалъул бет1ерасул заместитель И.Б. Салимханов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гьирисханов, Хасавюрталъул администрациялъул х1алт1ухъаби. МВДялъул (Хасавюрт) ветераназул Советалъул председатель З.Л.Г1умаров, Алмахъ (М.Салгереев) ва Калининаул (Х1.Х1ажиев) росабазул бут1рул, алмахъазул жамаг1атазул вакилзаби, Юрийил г1ага-божарал ва гь.ц.

К1алъазе рахъарал- З.Г1умаровас,И.Салимхановас, Салимхан Салимхановас(Юрийил вац) ва цогидазги гьениб бицана г1олеб г1елалъе патриотикияб тарбия кьеялъе гьединал тадбиразул бугеб к1варалъул,бах1арчиял ишал гьарурал к1очене бегьунгут1иялъул,гьездаса мисал босулеллъун г1олилал куцазе т1адаб бук1иналъул.

Гьез рак1- рак1алъулаб баркала загьир гьабуна къват1алъе ц1ар кьеялъе квербакъараб шагьаралъул администрациялъе, гьеб иш хехго бет1ералде бахъинабиялда т1ад х1алт1арав Шарабудин Шамирзаевасе ва данделъиялда г1ахьаллъаразе.

Данделъи ахиралде щвана цо рукъалъул къадалда, къват1алъе Юрийил ц1ар кьей тасдикъ гьабураб, мармаралъул хъарщи щула гьабиялдалъун.

***И. ИДРИСОВ.***

**21 февраль - рахьдал мацІалъул Халкъалда гьоркьосеб Къо.**

# «Рахьдал мацІалъул мугІалим - 2019» конкурс

25-26 февралалда Дилим росдал лицеялдагун Ленинаулалъул №1 гьоркьохъеб школалда тІобитІана республикаялъул даражаялда тІобитІулеб «**Рахьдал мацІалъул мугІалим - 20І9**» конкурсалъул бутІалъун кколеб районалъул этап. Гьенире гІахьаллъана 8 школалдаса 11 мугІалим. Гьеб тІобитІиялъе гІиллаълун кколахІалтІиялъулъ тІокІлъи, церетІеял ругел мугІалимзаби тІатинари, гьезул хІалбихьиял тІиритІизари ва гьезул хІалтІуе мустахІикъаб къимат кьей. Т1асарищиялъул туралда,мугІалимзабаз хІадурарал папкабазул хал гьабун хадуб, финалалде ана магІарул ва чачан мацІазул 8 мугІалим. Финал гІуцІун букІана - «**Мастер класс**» ва «**Лъайкьеялъул проект**» бутІабаздасан. Дарсал кьеялъулъ (8-11 кл) ва проектал цІуниялъулъ мугІалимзабаз рихьизаруна гъваридаб лъайги дарсал кьеялъе бугеб бажариги.



МагІарул мацІалъул мугІалимзабазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІалде ячІана Дилим росдал гимназиялъул мугІалим Динара Кехурзаевна Батиева, кІиабилеб бакІ босана Гуниялъул гимназиялъул мугІалим Аминат Элмирзаевна Гъайирбековалъ ва лъабабилеб бакІалъе мустахІикълъана Ленинаулалъул №1 гьоркьохъеб школалъул мугІалим Маржанат ГІисаевна Саипова.

Чачан мацІалъул мугІалимзабазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ босана Джамиля Палимсултановна Ибиевалъ. Районалъул конкурсалда бергьенлъи босарал гІахьаллъизе руго республикаялъулаб этапалда.

***Джамиля ГІАБДУЛАХІИТОВА, ИМЦялъул методист.***

# Рахьдал мац1алъул Къо

Гьеб къо к1одо гьабиялда хурхараб рохалилаб данделъи т1обит1ана 21 февралалда Гертма росдал школалда. Гьеб рак1алдаса унареблъун ва ц1алдохъабазул рек1ее асар гьабулеблъун лъугьиналда т1ад х1алт1ана рахьдал мац1алъул муг1алимзаби: Забидат Мух1амадова ва Асмарат Байханова. Ц1алдохъабазул адабияталде маданияталде рокьи бижинабулеб ва Дагъистаналъул хъвадарухъабазул г1умру, творчество лъазабиялде к1вар буссинабулеб гьеб данделъи ана рохалилаб ах1вал-х1алалда. Ц1алдохъаби: Мажидова Мариятица, Эльдарханова Хайратица, Эмечова Бахуца, Г1абдурах1манова Аминатица, Мусаева Пат1иматица гьенир рик1к1ана Дагъистаналъул шаг1ирзабазул куч1дул.



Гьединго, хъвадарухъабазул г1умруялъул, гьез хъварал асаразул бицана муг1алим З. Ях1ияевалъ, ва гьединго цо-цо ц1алдохъабаз. Р.Х1амзатовасул «**Авар мац1**» абураб кеч1 рик1к1ана культураялъул х1алт1ухъан Тайбика Зираловалъ. Данделъи бачана авар-мац1алъул муг1алим Асмарат Байхановалъ.

***Тайбика ЗИРАЛОВА.***

**8 Март - Халкъалдагьоркьосеб руччабазул Къо!**

# Ч1ей гьеч1еб зах1мат



*Замана сверила, дунял хисила,*
*Хисила ракьалда нилъер г1умруги.*
*Хисиларо нилъей г1агараб росу,*
*Г1акълу нилъей кьурал муг1алимзаби!*

Инсанасе лъайгун тарбия кьеялъулъ, г1умруялъул нухда к1очонареб лъалк1 тола муг1алимзабаз. Гьезул хьвада-ч1вадиялдасан, хасияталдасан босула ц1алдохъабаз мисал. Муг1алимзабазда г1езег1анго бараб бук1уна г1олеб г1елалъул бук1инесеб, гьезул г1умруялдехунисеб бербалагьи. Муг1алимзабазул х1акъалъулъ г1емер бицуна ва хъвала. Унго-унгояв муг1алимасул бук1ине ккола гъваридаб лъай, гьеб цогиязухъе кьезе махщел, гьабулеб х1алт1удегун лъималазде рокьи, сверухъ лъугьунелдехун лъик1аб бербалагьи ва гьелъие къимат кьезе бажари.

Гьединазул цояйлъун ккола Дилим росдал гимназиялъул муг1алим Мух1амадова Зарият Мух1амадкамиловна. Зарият гьаюна ва г1уна Дилим росулъ. Гьит1инго рокьана гьелъие х1исабалъул (математика) дарсал. Эркенаб заманалда гьелъ гьарулаан мисалал, масъалаби ва ц1иял г1уц1улаан.

Жиндирго муг1алимзабаздехун гьелъул бук1ана бат1ияб рокьи, гьелъ гьезул адаб гьабулаан ва гьездасан мисал босизе х1аракат бахъулаан. Школа лъуг1ун хадуб, дун кие ц1ализе иней абураб суал гьелда цебе ч1еч1о. Зарият лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул математикаялъул факультеталде. 2008 соналъ т1адюссана г1агараб гимназиялде.

Зариятилгун бук1араб дандч1ваялда гьелъ абуна: **«Узухъда, бигьаяб гьеч1о муг1алимасул х1алт1и. Х1алт1уде гъорлъе дун ккеялъе квербакъана дир рук1арал муг1алимзабаз. Щиб суалгун гьезухъе аниги, гьез дие кумек гьабуна ва киданиги нахъч1вач1о. Нижер коллектив буго гъункараб ва цоцазул рахъ кколеб. Гьелъулги х1алт1и цебе иналъе кумек бук1уна. Муг1алимас х1аракат бахъизе ккола ц1алдохъан вич1ч1ине, дандч1варал зах1малъаби къезариялъе шарт1ал ралагьизе гьев ругьун гьавизе. Муг1алимасулги ц1алдохъанасулги цоцаздехун божилъи бугони, иш цебе ине бук1иналда щаклъи бук1унаро»**,-ян. З.Мух1амадовалъ байбихьана, х1албихьиялъе, хехаб х1исабалъул (ментальная арифметика) кружок бачине. Ц1алдохъабазул гьелде бугеб гъира ва гьезул лъик1ал х1асилал рихьун, байбихьана, дагьабги гъваридго, гьезда гьеб малъизе.

**«Хехаб х1исабалъ лъимал рак1а-рахариялде ц1ала, г1одоричч азарула, гьезул пикру хехлъула, г1адалнах х1алт1изабула, лъималазул балъгоял гьунарал т1атуна. Кват1ич1ого, республикаялъул даражаялда хехаб х1исабалъул олимпиада т1обит1изе буго, гьениб нилъер ц1алдохъабазул лъик1ал х1асилал рук1инеблъиялда божи лъола»,-ян абуна Зариятица.**

Зарият Мух1амадова бажари бугей ва рак1бац1ц1адай муг1алим йик1ин бихьизабула гьелъие щварал Х1урматалъул грамотабаз, Баркалаялъул кагътаз ва цогидалги шапакъатаз.

***Асият Дибирова.***

# Киназего кумекалъе хIадурай



Районалъул росабазда гьоркьоб Гъозтала росу бищун гьитIинаб буго. Росдал цIарги гьелъул тарихги бечед гьабулел, гIаданлъи цIикIкIарал, захIмат бокьулел гIадамал руго гьенир. Гьезул цояйлъун ккола Асият Сурхаева. Асият йиго гьитIинго захIматалъ лъадарарай, чIахIиязеги гIисиназеги кумекалъе хIадурай, жамгIиял хIалтIабазулъ хIаракатчилъи бихьизабулей, лебалай гIадан. Гьелъухъ балагьараб мехалъ ракIалде ккола,гьитIинго хъизаналъул ургъел тIаде босизеги дандчIварал захIмалъаби къезаризеги киндай гьелъул къуват гIурабан.

Асият гьаюна 1965 соналъ Калининаул росулъ Нажмудинилги Къурмангъизилги хъизаналда. Киназдаго гуреб бажарулеб,цадахъ лъугьун, магIишат цебе бачине ва гъанситул хинлъи цIунизе. РатIалъана Нажбудинги Къурмангъизги. Гьоркьор хутIана жеги балугълъиялде рахинчIел лъимал. Гьелги рачун,Къурмангъиз тIадюссана жиндиего гIагараб Гъозтала росулъе. Асиятица бицана: ***«Хъизаналда гьоркьой дун йикIана бищун гIемер унтулейлъун. Гьединай йикIаниги,дида бичIчIунаан эбелалъе ниж хьихьизе захIмат букIин. Нижеда гьоркьоб бикьун букIунаан рукъалъул хIалтIи. Дие хур-хергун гьабулеб хIалтIи бокьулаан. Риидалил каникулазда дун росуцоялгун Ставрополь краялде хIалтIизе унаан ва щвараб гIарац дица эбелалъухъе кьолаан, хIаракат бахъулаан гьей йохизайизе...»***,-ян.

Школа лъугIун хадуб Асият цIализе ана МахIачхъалаялъул профтехучилищеялде, хIалтIана 3-аб. интернационалалъул цIаралда бугеб фабрикалда. Гьенийги Асиятица жийго йихьизаюна лъикIаб рахъалдасан. Заманго инелде гьей йищана комсомол организациялъул секретарасул заместительлъун, хадусан-Халкъияб хъаравуллъиялъул мухъилай хIалтIухъанлъун. 1989 соналъ Асиятица г1уц1ана жиндирго хъизан. Гьез гIумру гьабулеб букIана Волгоград шагьаралда. Гьей рази йикIана гIумруялдаса, кьураб талих1алдаса. Аби буго: **«Эбел-инсул гIадаб къисмат лъималазулги букIуна»**,-ян. Жеги лъагIел тIубачIей ясгун,росдасаги ятIалъун,гьей росулъе тIадюссана.

**«ЛъикIаб»** кьаби щвезабуна къисматалъ Асиятида. ЯсалъегIаги талихIаб гIумру гIуцIилин анищазда йик1арай гьелъие, къисматалъ хIадурун батана цоги х1албихьи. Гьей ана Гуни росулъа Бисултание (гьесул букIана 6 лъимер). Росасда цадахъ, Асиятица гIуцIизе кканa цIияб магIишат. Бесдаллъуда хут1арал лъималазул гьабуна т1алаб. Гьезие вижана т1адеги 2 вас. Гьезул тIоцевесев гIумруялдаса ватIалъана. Хадусесул анцIила кIиго сон тIубараб заманалда Бисултанги хвана.Чара къосун хут1арай Асият цIидасан гIагараб росулъе тIадюссине ккана. Нилъер заманалда тIадеялдаса тIаде дагьлъулеб буго рухIияб тIадегIанлъи, гьоркьоблъи, цоцалъ гъунки. Амма Асиятил гIамал-хасият гьеб рахъалдехун хисичIо. Гьелъие хасиятаблъун буго- гIадан вичIчIи,ракIбацIцIадго хьвади,хIажатазе кумек гьаби. Асиятил жигарчилъиги бихьун,гьелда тIад къана росдал руччабазул Советалъе председательлъи гьабизе.

Гьелъ хIаракат бахъула росулъ рацIцIа- ракъалъи чIезабизе. Гьелъие кумекалъе хIадур вукIуна росдал бетIер А.Абакаров ва росуцоял. Щуго сон буго Асиятица почтальонлъи гьабулеб бугелдаса. Газеталгун журналазда ва цогидаб къайи-цIаялда хадуй Асият ине ккола ИчкIаялде. ХIаракат бахъула гьеб жиндир заманалда росуцоязухъе щвезаризе.

Асият ккола **«Чапар»** газеталъул штаталда гьечIей жигарай мухбир. Гьелъул макъалабиги кучIдулги рахъула газеталда, гьей гIахьаллъула конкурсаздаги. Гьелъие гьенир щола призалъулал бакIал. Гьединаб буго Асиятил гIумрудул нух.

# Ц1уне руччаби!

ЧIужугIадан, эбел, яц ва яс. Гьел руго Аллагьас нилъехъе хира ва кIодолъиялда, аманат гьарун, кьурал чагIи. Цебе гIадат букIана ярагъгун кIиго чи вагъулеб бакIалда чIужугIаданалъ жиндирго кIаз гьезде гьоркьобе рехулеб ва гьелдалъун гьез рагъ гьоркьоб къотIизабизе кколеб.

Бихьиназ к1азалда хIетIе чIани ва рагъ чIезе течIони, гьезул къадру-къимат цIакъ гIодобегIан кколеб бук1унаан. Гьединазда росуцин тезабулеб букIун буго. Гьабулеб бугищха нилъеца чIужугIаданалъул хIурмат? Рукъалъул магIишат данде бачун, лъималазул тIалаб - агъаз, росабазе хъулухъ гьабун, гьелде тIадеги хIукуматалъул хIалтIуде рекерун рукIунел гьезие бигьаго букIунищ ва хIалхьи щолищ?

Аби буго рукъалъул хIалтIи хIамицацин тIаде босун гьечIилан. Гьедин захIматаб буго чIужугIаданалъул гIумруялъул хIакъикъат. Кинаб къиматха нилъ бихьинаца гьезие кьолеб? Гьабулищ гьезие кумек? Бищунго рекъей гьечIеб иш буго нилъер руччаби даран-базаралъ къватIире рахъине, ялъуни кир рукIаниги чияда цере хIалтIизе ккей.

Нилъер районалдаги буго гьебго ахIвал-хIал. Гьел рорчIулел гьечIо хIалтIичIого,цого рукъ-бакIалъул тIалабги гьабун. Щибха нилъ бихьинаца гьабизе кколеб? Бихьиназ бичун босизе кколаро гьезул гьабулеб тIалаб,адаб, хIурмат. Гьедин гьабиялъги цодагьалъ бигьалъизе бегьула руччабазул гIумру.

РачIа, цIунизин нилъерго руччаби.

***Хайродин ВИСАИТОВ,Калининаул росу.***

# Рац1ц1алъи ц1унулей

*Исламалъги беццараб,*
*Бицинеги рекъараб,*
*Рац1ц1алъиг1ан берцинаб,*
*Щибго гьеч1о ракьалда.*



Бокьараб г1елмуялда,гьеб бук1а динияб яги светскияб,ц1акъ к1удияб к1вар кьун буго т1абиг1ат ц1униялъул ва рац1ц1алъи ч1езабиялъул суалалда сверухъ гьабизе кколеб х1алт1иялде. Абиги гьеч1ищха нилъеда сверухъ бугеб бак1 бихьун кьолин чиясе къимат, гьелда релълъараб бук1унин инсанасул г1амал-хасиятги. Балагьараб мехалъ лъиениги бокьуларо чороклъиялде квер бегьизе, х1урги мах1ги бугеб бак1алдасан ине. Гьал ахириял соназ рищни-къул г1емерлъана. Гьелъие г1иллалъунги ккана пластикаялъул пакетал, шушби, кинал рук1аниги кванил ниг1матал ва цогидаб къайи- ц1а ц1униялъе,цо нухалда гурони,х1алт1изаруларел бат1и-бат1иял алатал раккаралдаса.

Росулъ рац1ц1алъи бук1инаби мурадалда, щибаб шамат къоялъ рищни баччизе ч1езабун буго хасаб техника. Гьедин бук1аниги, камулел гьеч1о нухлул раг1алде рехарал рощнол ц1урал пакетал, ч1орогоял шушби ва гь.ц. Гьеб бук1уна лъелго ва рек1ун унел г1адамаз рехараб рищни-къул. Рищни хъирщун, гьениса квен балагьулел рук1уна кутул, гьаби ва бокьаралъубе айилан биччан тараб боц1и. Гьениб бук1уна балагьизе нечараб ах1вал-х1ал. Лъицаниги т1аде босулареб, жиб гьабизе г1адамал ч1ух1араб рац1ц1алъи ч1езабиялъул х1алт1и гьабулеб буго Дилим росулъа Написат Салаевалъ.

Хъах1лъи рехаралдаса (кодоб жул ва ц1илиц1гун) гьей йихьула къват1аздаса рищни бак1арулей ва гьел лъухьулей. Г1адан вич1ч1уна раг1ухъ г1енеккун гурев, х1алт1ухъ балагьун.

Написат йиго зах1мат бокьулеб хъизаналда г1урай г1адан. Г1емерал соназ х1алт1ана гьей **«Дилим»** совхозалда дояркалъун. Кидаго йик1ана мисалияй х1алт1ухъанлъун, гьей мустах1икълъана г1емерал шапакъатазегун баркалабазе. Гьединаб х1алт1улъ лъадарарай йик1иналъ батила Написатица цогидаз т1аде босулареб х1алт1и гьабулеб бугеб. Жидеда т1адаб ищцин т1аса-масахъего гьабулеб, гьелъул г1емер ургъелги гьеч1еб гьаб заманалда, Написатил х1алт1и буго реццалъе мустах1икъаб ва жамаг1ат разияб.

***Х1. КАРИМОВА.***

**ЛъикIлъиялъе гурони нуцIида кIутIугеги,**

*Байбихьи цебесеб номералда*

*Дин ва г1умру*

**Гъанбулат Афанди Ал- Митрадайи**

# «Расаилул Митрадиййи» (тIехьалдаса босараб)

**10. Суал: Авараг(с.гI.в.) кидал гьавурав?**

**Жаваб:** Авараг(с.гI.в.)гьавуна **«гIамул филалъ»** рабигIул аввалалъул анцIила кIиабилелъ. (**«ГIамул фил»** абураб рагIиялъул магIна ккола пилазул сон абураб. Тарихаздалъун гьечIого, лъагIелазда абулеб букIана гIарабияца пилазул сон гьелдаго релълъон цогидал жалазул сон абунги).

**11. Суал: Щиб къоялъ Авараг (с.гI.с.)гьавурав кьучIаб рагIиялда рекъон?**

**Жаваб:** Гьев гьавураб къо букIана, гIалимзабазул кьучIаб рагIиялда рекъон, итни къо.

**12. Суал: Бакъ тIерхьи-баккиялда рекъон щиб моцI кколеб букIараб гьев гьавураб?**

**Жаваб:** ХIисабалъул агьлуялъ абуна, гьеб кколилан «нисан» абураб моцI (апрель), гьелъул къого къо ун хадуб абун, Аллагьасда лъикI лъала гьелъул хIакъикъат.

**13.Суал: Гьаб заманаялъ хьвадулеб гIурус тарихалда рекъон, чанабилеб сон букIараб Авараг(с.гI.с.) гьавураб?**

**Жаваб:** Гьаб заманаялъ халкъалъ хьвадизабулеб гIурус тарихалда рекъон гьеб ккола щунусиялда лъабкъоялда анцIила цоабилеб сон (571).

**14.Суал: Щиб бакIалда гьавурав нилъер Авараг(с.гI.с.)?**

**Жаваб:** Нилъер Авараг(с.гI.в) гьавуна Маккаялда шугIаби бани ГьашимилалчIараб бакIалда.

**15.Суал: Авараг(с.гI.с.) гьавураб сордоялъ кинал батIиял гIаламатал лъугьарал цогидаб мехалъ лъугьинчIел?**

**Жаваб:** Авараг(с.гI.с.) гьавидал, гIемер гIаламатал загьирлъана, гьев гьавизе цебе азарго соналъ свинчIел фурсазул цIаял свана, Кисра ханасул тахал кIала гъоркье речIана, бухIайрат бакъвана лъим-иццал къана. Гьев гьавиялъе Аминат къинай чIарайго, гьев ханасул чIахIиял хъанчалги гIодоре гъегъун ана. Гьев гьавураб сордоялъ Кисра ханасул анцIила ункъо кIалгIаги кIала гъоркье речIана. Зобалазда рахунел шайтIабиги цIваби речIун нахъ чIвана, гьел гурелги ккана гьединал гIемерал гIаламатал.

**16.Суал: Аварагасул (с.гI.с.) щиб сипат букIараб гьавураб мехалъ?**

**Жаваб:** ГIабдулмутIалибил вас ГIабасица абуна Расулуллагь(с.гI.с.) гьавунилан сунат гьабуравлъунго, цIиго къотIаравлъунго, гьелдалъун ГIабдулмутIалибги гIажаиблъун кканилан, гьесги абунилан, гьав жиндир васасул цо кIудияб иш загьирлъанилан абун. Гьес хIадис бицана Анасидасан «Мавагьибу лладунияталда» Шигьабудинил КъастIаланияс (гьум.12).

**17.Суал: Расулуллагь (с.гI.с.) гьавулелъул Аминатида аскIой чIарахъанлъун щий йикIарай?**

**Жаваб:** Гьелда аскIой чIарахъанлъун йикIана ГIавфил ГIабдуррахIманил эбел Шафаъ.

**18.Суал: Щий-щий гIаданалъ Авараг (с.гI.с.) хахизе гьавурав?**

**Жаваб:** Гьев хахизе гьавуна жиндирго эбел Аминатицаги, Сувайбатицаги, СагIдиязул ХIалиматицаги. Бищун гIемер гьев хахизе гьавурай ХIалимат йикIана.

**19.Суал: Рахьдал вацал шал рук!арал Аварагасул?**

**Жаваб:** Рахьдал вацал рукIана Расуласул(с.гI.с.)Абулсалмат,-ГIабдуллагь, ГIабдул Асадил вас Махзумияв. Суайбатица хахизе гьавуна Авараг (с.гI.с)гьевгун цадахъ, гьединго гьелъ хахизе гьавуна ГIабдулмутIалибил вас ХIамзат, гьединго рахьдал гьесул вацал ккола ХIалиматил вас ГIабдуллагьги, гьелъул яс Шаймаъги, ХIарисил вас Абусуфянги. Амма Аварагасул(с.гI.с.) эбел-эмен цадахъал яги инсухъаги эбелалъухъаги вац, яц рукIинчIо, ГIабдуллагьицаги Аминат гурей цоги чIужу ячинчIо, гьейги инчIо гьев тун батIияв цоги росасе.

**20.Суал: Хахизеги тIувазеги щал рукIарал гьев тIаде восарал руччаби?**

**Жаваб:** Гьел рукIана жиндирго эбел Вагьбил яс Аминатги, Сувайбатги, ХIалиматги, Шаймаъги - ХIалиматил яс, Уммул- Айманги.

**21.Суал: Кидал Авараг(с.гI.с.) хахиялдаса тIезе гьавурав?**

**Жаваб:** Гьев тIезе гьавуна СагIдиязул ХIалиматица, гьесда кIиго лъагIел камилго тIубараб мехалъ, цинги гьевги вачун гьей ана Маккаялде гьесул эбелалъухъе - ай Аминатихъе, гьев вачIиялдаса гьейги цIакъ йохана.

**(Хадусеб бук1ине буго.)**

# Баркула



28 февралалда 60 сон т1убана районалъул бет1ерасул заместитель Зикрула Насрулаевич Эмеевасе. Рак1-рак1алъ баркула Зикрулада гьавураб къо, гьарула гьесие щулияб сахлъи, талих1,рохел, рек1ел мурадал т1урай ва гьарулел ишазулъ бит1 ккей.

*Гьудул-гьалмагъзабазул къокъа.*

**Спорт-инсанасул сахлъи**

# Волейбол



24 февралалда Дилим росулъ тIоритIана, ВатIан цIунулесул Къоялда хурхарал,волейбол хIаялъул къецал. Гьел къецазда гIахьаллъана нилъер районалъул росабалъа 10 команда. ТIоритIарал Iб хIаяздаса хадур, бащдаб финалалде ана – **«Буртунай»**, **«Калининаул»**, **«ГIазаевасул МДЮСШ»** ва **«Казбекалъул районнияб суд»** командаби.

Гьенир, хIалуцарал хIаяздаса хадуб, 2:1 хIисабгун, лъабабилеб бакI босана **«Калининаул»** командаялъ.

Финалалда дандчIварал- **«ГIазаевасул МДЮСШ»** ва **«Казбекалъул районнияб суд»** командабазда гьоркьоб бергьенлъи щвана **«ГIазаевасул МДЮСШ»** командаялъе ва гьеб бачIана тIоцебесеб бакIалде.

Призалъулал бакIал росарал командабазе, районалъул администрациялъул рахъалдасан, гьенир кьуна кубокал,медалал, грамотаби ва гIарцулал шапакъатал.

Турниралъул хIурматияв гьалбаллъун рукIана- районалъул бетIерасул заместитель И.Б. Салимханов,финансовияб Управлениялъул начальник Раип ХIажиев ва жидее волейбол бокьулел.

*И. БУЛАТХАНОВ.*

**Афгъанистаналдаса Советиял аскарал нахъе рачаралдаса - 30 сон**

# ДаималЪ хутIила гьел нижер рекIелЪ



Дагьал церегIан къояз 30 сон тIубана Афгъанисталалдаса Советиял аскарал нахъе рачаралдаса. Гьелда хурхун, нилъер районалъул росабазул гIуцIабазда тIоритIана-Афгъанисталалъул рагъул г1ахьалчаг1и, гьезул гIага-божарал ва гьудул- гьалмагълъи гIахьаллъарал дандчIваял.

Гьединазул цоялъун букIана Гуни росдал культураялъул хIалтIухъабаз тIобитIараб тадбирги. Гьеб данделъиялда гIахьаллъана-рехсараб рагъда нилъер районалдаса шагьидлъаразул цебесеб гIагарлъи, цIалдохъаби, жамагIатчагIи, **«Гьими»** лъималазул ахалъул гьитIичал ва гь.ц.

Рагъде, бахIарчилъиялде,Ленинаулалдаса Уматай ГIабдусамедовалъул **«Эбелалде кагъат»,** **«Рагъда вас накълулъарай Гертмаялдаса ПатIимат Салимхановалъул рагIабазе жаваб»** ва цогидалги кучIдул гьенир рикIкIана-Рабият Мансуровалъ,Загьидат Валиевалъ, Лаврисат Зулумхановалъ,ЖабрагIил Рашидовас, Муса Меджидовас,Гьизайбат Нисахановалъ,Салтанат Меджидовалъ,Бикато Агъабековалъ, Марьям ГIабасовалъ,Мадина Валиевалъ,Зарипат АхIмадрашидовалъ, Марьям Нугъаевалъ ва лъималазул ахалъул гьитIичаз.

КIалъазе рахъарал-Хасай ГIабасовас,Муслимат ГIабасовалъ,ПатIимат Салимхановалъ,Умисат Султанбековалъ,Загьра УмалхIатовалъ гьениб бицана доб рагъулъ гIахьаллъаразул гIумруялъул, гьезул букIараб хьвада-чIвадиялъул ва бахIарчилъиялъул х1акъалъулъ.

*Бесират Г1АДУЕВА, Гуни росу.*

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат Б №0333645 о полном среднем образовании, выданный Дубкинской средней школой в 2003 г. на имя **Магомедова Шахшабега Мирзаевича**, считать недействительным.

Районалъул лъайкьеялъул Управлениялъул х1алт1ухъабаз, лицеялъул коллективалъ, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Г1иса Мух1амадт1агьировасда ва т1олабго г1агарлъиялда,- эмен

**Г1абдурафил**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан. Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьесие.

*Бетlерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94 Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова Сапият Султанмух1амадова Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*

*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2 Индекс: 51354 Заказ №204 Тираж 1430 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*

Сахаб, талихIаб гIумру нужее насиблъаги!